

# MINISTÈ FANM



**CROISSANCE**



# Bote yon fanm

Bote yon fanm, pa nan wòb ke li mete, ni nan figi ke li genyen osinon nan fòm ke li penyen.

Bote yon fanm, ou kapab wè li nan je li yo, paske yo se, pòt kè li, kote lanmou rete.

Bote yon fanm, pa nan makiyaj ki nan vizaj li, paske vrè bote yon fanm se reflè nanm li. Se swen ke li bay nan lanmou, ak pasyon ke li montre.

Bote yon fanm pa mouri lè ane yo ap pase, sèlman lap grandi epi lap grandi! (Otè anonim)

TAB

Ministè Fanm.....	5
Objektif .....	6
Direktris distri.....	8
Direktris lokal.....	9
Men nan Travay .....	10
Komansman .....	12
Aktivite posib .....	14
Dinamik .....	16
Apendis .....	21

## MINISTÈ FANM

### Koulè logo a

**Tout mo yo mache ak koulè wouj fonsé osinon kafe, pye bwa Gen koulè blan epi nan fon logo a gen koulè vèt (Tankou li parèt nan tèt la)**

Logo ministè fanm nan, se yon pye bwa ak rasin li yo. Sa dekri enpòtans pou yo anrasinen, antre pi fon ak enstale yo nan lanmou Senyè a. Branch yo nan pye bwa a, senbolize ministè yo ak pwogram ki ka devlope anba direksyon Ministè Fanm lan. Pye bwa alimante branch yo, ki reprezante legliz lokal la. Kidonk, pyebwa a dwe pran rasin, apwofondi epi chita sou prensip bibliik ak gran Komisyon an. Misyon Ministè Fanm lan, se grandi; reyini ak medam yo, ofri yo resous, mennen yo nan akseptasyon, Chache lòt fanm pou Kris la, anseye verite bibliik epi ki mennen yon lavi ki plen Sentespri.

Objektif Ministè Fanm lan se fè lwanj Bondye pou antrene lòt fanm yo:

Konnen Bondye Pèsonèlman  
grandi jiskaske yo rive nan nivo Kris la,  
Dekouvri epi sèvi ak don espiyèl yo,  
Pou renmen ak sèvi lòt moun  
Montre Seyè Jezi Kris la nan tout aksyon yo

Ministè Fanm lan bay tèt pou:

Kreye materyèl epi ofri klas pou bay mesaj Sali a,  
Kowòdone etid Pawòl Bondye a,  
Dezinye fason espesifik pou envite fanm nan legliz la epi nan yon zantay kretyen,  
Aplike epi anseye fanm ki jan yo pataje levanjil Kris la.

## OBJEKTIF ESPIRITYÈL

1. Anime medam enkonvèti yo pou yo ouvri pòt kè yo epi penmèt Kris vini Senyè lavi yo.
2. Fasilite kwasans espiyèl fanm ki fenk konvèti a atravè akonpayman epi etid bib la.
3. Ede medam kretyèn yo grandi epi jwenn matirite nan konesans pawòl la, nan lavi devosyonèl li, ak nan pote fwi Lespri yo epi vin kapab pou ede lòt moun yo.

## MANTAL

1. Anime medam ki sèl yo jwenn yon bi pou lavi yo.
2. Ede manman yo ak gwo responsablite pou elve pitit yo.
3. Ede medam yo pou yo kiltive bon jan relasyon nan fwaye yo.

## EMOSYONÈL

1. Anime medam yo pou yo konprann ke yo menm kòm moun ki enpòtan, genyen valè, e ke yo kapab pote gwo apò nan konstwi sosyete a.
2. Ede medam yo pou yo kapab afwonte moman kriz ak presyon chak jou yo (Egzanp: finans, sitiyaasyon de chanjman vi: matrimonial, matènite, divòs, solitud, laj kritik, lè timoun yo ale, pran swen gran paran yo).
3. Bay rekou epi enfòmasyon ak medam yo, de kijan ak ki kote pou jwenn èd pou rezoud nesesitye ki pi pwofon yo kapab genyen tankou: solitud, otoestim, motivasyon pou rive an fòm nan twa dimansyon yo, ke li pap travay poukont li, osinon pou li vin yon madanm ak yon manman).

## FIZIK

1. Enfòm epi ankouraje medam yo pou yo swiv yon pwogram egzèsis fizik ak bon jan nitrisyon pou yo ak pou fanmi yo.
2. Edike medam yo atravè semèn sou sante, ki en ladan l' ekilib nan travay, repo, rekreyasyon epi konpreyansyon sou estrès epi kòman pou afwonte li.

## SOSYAL

1. Fè kèk evènman espesyal pou satisfè nesesitye yo, pou rasanble yo epi Mennen medam yo nan yon kominyon.
2. Ede medam yo aprann kijan pou devlope bon relasyon epi fòm gwoup sipò ak lòt medam yo.
3. Ede medam yo devlope don ospitalite a

## SÈVIS VOLONTÈ

1. Ankouraje medam yo pou oryante talan yon an sèvis volontè pou Bondye atravè legliz la nan minister konpasyon.
2. Ede medam yo jwenn ministè ki itil, efikas epi kap pote fwi nan legliz la pou fè grandi sans apatenans yo e pou yo santi yo mete men nan akonplisman gran komasyon an.
3. Bay medam yo enspirasyon ak antrènman pou atire lòt fanm nan kominote a epi mennen yo nan konesans lanmou Bondye a ak yon eksperyans pèsone ak Kris la.

## DESKRIPSYON FONKSYONMAN

Responsablite : Direktris Distrik

Chan travay : Tout distri a

Peryòd : Dapre kantite tan li te eli a

Enfòm a : Konsèy ant adil MEDFDI oubyen MEDFDI osinon konsèy MEDFDI aknan Konvansyon MEDFDI distrik.

Li enpòtan pou ke direktris ministè Fanm lan patisipe nan konsèy ministè ant adil distri a si konsèy MEDFDI distrik la pa la oubyen li kraze, kidonk li dwe responsab devan yo.

Direktris la dwe :

1. Enfòm, prezante objektif ak chache fon nan konsèy Ministè ant adil yo.
2. Konnen byen materyèl ki disponib nan biwo rejonan Ministè Fanm lan.
3. Pataje enfòmasyon ke li resevwa ak direktris lokal Ministè Fanm yo.
4. Sèvi kòm yon referans pou direktris lokal Ministè Fanm lan.
5. Ankouraje epi ede egzekisyon Finistè Fanm lan nan chak legliz lokal.
6. Sipèvize epi evalye aktivite distrik Ministè Fanm lan
7. Fòm yon konsèy, si posib, pou planifikasyon ak egzekisyon aktivite Ministè Fanm, nan distri a.
8. Prepare yon pwogram byen panse, ki ap atenn nesesitye espirityèl, emosyonèl, mantal, fizik epi sosyal medam yo.
9. Etabli si posib, yon bilten pou kenbe lidè lokal yo enfòm de Ministè Fanm lan.

10. Pataje ide ak preokipasyon w yo ak Biwo Zòn oubyen Rejyonal MEDFDI ak/oubyen Ministè Fanm la.

## DESKRIPSYON FONKSYONMAN

Responsablite : Direktris Lokal

Chan travay : Legliz Lokal

Peryòd : Dapre kantite tan li te eli a

Enfòmè a : Konsèy ant Adil MEFDI oubyen MEDFDI osinon konsèy MEDFDI ak nan Konvansyon MEDFDI Lokal.

Direktris ministè Fanm lan nan legiz lokal la dwe sèvi nan konsèy Ministè ant Adil la epi pou li responsab pou reprezante kò lokal la.

Direktris la dwe :

1. enfòmè, prezante objektif ak chache fon nan konsèy Ministè ant adil lokal yo.
2. Detèmine nesesite ak enterè medam ki nan kongregasyon lokal yo, atravè obsèvasyon, etid ak nenpòt lòt fòm ki itil.
3. Bay ak medam ki nan legliz yo yon espas pou fè disip ak lòt fanm yo.
4. Fè pwomosyon epi bay nan piblisite aktivite pou medam yo, atravè yon radyo lokal.
6. Bay etid bibliik, gwoup priyè ak lòt mannyè pou kapab ede medam yo nan devlopman ak kwasans esprityèl yo.
7. Ede medam yo pou yo devlope talan yo ak abilite yo, epi itilize yo.
8. Patisipe nan tout pwogramla.
9. Kopere avèk direktрис distrik Ministè Fanm lan, konplete fòmilè yo epi fè pwomosyon pou aktivite distrik yo
10. Koòdone aktivite Ministè Fanm yo ak lòt aktivite legliz yo pou w ka evite konfli.

## MEN NAN TRAVAY LA!

### I. DEKOUVRI EPI KOMINIKE OBJEKTIF YO.

Pran tan pou reflechi sou pwèn say o. Yo ape de ou pou genyen yon bon kòmansman epi w'ap konnen ki kote ou prale. Sa ape de w tou pou ou konvenk moun ki ap sèvi nan ministè yo epi ede yo akonpli misyon an.

#### A. Oto-analiz

1. Poukisa m'ap fè travay sa a ?
2. Eske m santi mwen satisfè yon bezwen ?
3. Eske sa a enpòtan ?

#### B. Ki bi ministè fanm lan espesyalman pou gwoup li a ?

1. Sosyal
2. Sosyal ak Espirityèl
3. Sosyal, Espirityèl epi Ekonomik
4. Sosyal, Espirityèl, Ekonomik, Mantal ak Fizik

#### C. Kominike objektif yo.

1. Ki dispozisyon ed mwen genyen pou m' kòmanse kominike objektif sa?
2. Ki metòd ke mwen kapab itilize pou kominike objektif sa yo ak medam yo nan legliz la?
3. Kòman mwen kapab konnen si mwen genyen pasyon nan kominikasyon objektif sa ?

## II. METE W AN AKSYON

Yon fwa ou fin reponn ak kesyon anvan yo epi tout bagay klè sou kote w pral kòmanse ak pwèn sa epi mete w an aksyon.

#### A. Planifye premye reyinyon ou.

B. Mete Pastè a okouran, sèntandan lekòl dimanch la epi Direktè Ministè nan mitan Granmoun yo.

C. Kominike avèk Direktè distri a pou mande ed.

D. Prepare jiskaske dat la rive : Li liv, manyèl sentete ak lòt materyèl ki gen rapò ak sijè a

E. Lè y ap planifye aktivite yo, mande tèt ou kesyon sa yo:

1. Èske se yon aktivite pou bay motivasyon?
2. Èske mwen ka amelyore bon jan kalite a ak lojistik la?

3. Èske li vo tan m'ap envesti a?
4. Èske li twò chè pou medam yo ki nan mwayèn nan?
5. Èske li mache ak objektif Ministè a?
6. Mwen planifye tout bagay, men ... Eske mwen vrèman depann sou Seyè a?

### III- ENPÒTANS DE YON KAYE

Pran yon kaye pou ede yo mete tout lide ak done ki ka itil pou ministè a.

1. Pran nòt nan dat, non ak lide pou travay yo ak swen; pou ou pa bliye okenn nan detay yo.
2. Ekri non konferansye ke nou ka jwenn, moun ki gen kapasite nan divès branch, moun ke nou ka konte sou yo.

### KÒMANSMAN AN

1. Direktris Ministè Fanm lan nome pa Direktè Ministè pou granmoun lan epi li apwouve pa pastè a ak Sirentandan ministè Lekòl Dimanch nan legliz lokal yo.
2. Kòm nouvo direktè, planifye premye reyinyon an nan lide pou òganize tout bagay :
  - a. Envite medam yo nan legliz la pa lèt, apèl telefòn oswa sèvi avèk tablo afichaj.
  - b. Eksplike poukisa ou te chwazi envite yo.
  - c. Chwazi dam ki gen karakteristik diferan pou kapab jwenn yon ekilib apwopriye nan mitan yo. Gen laj ki diferan, kondisyon matrimonyal, manm legliz, enkonvèti, direktè, travayè, lidè ak enfliyans espiyèl.
  - d. Gade byen ki bezwen yo genyen an komen. Sa yo dwe adrese ak priyorite si ou vle motive medam yo patisipe.
3. Byen avan premye reyinyon an, fè yon sondaj pou chache konnen enterè yo ak bezwen yo.
  - A. Mande Sirentandan Lekòl didimanch la yon ti tan oswa nenpòt moun ki gen responsablite nan kil yo pou administre kesyonè a.
  - b. Bay yon kopi rezilta yo ak pastè a, manm Konsèy SDMI an epi ak manm Ministè nan mitan Granmoun yo.
  - c. Kole rezilta sondaj la nan tablo afichaj legliz la.
  - d. Rankontre avèk konsèy la epi planifye aktivite yo ke ou pral fè medam yo.
4. Avèk konsèy la planifye rankontre yo epi e tan pou : Devosyon: (fè lwanj, adore, lapriye, temwayaj).
  - b. Pwogram aktivite espesyal
    - Demonstrasyon
    - Konferans
    - Etid Biblik
    - Kominyon fratènèl
    - Rafrechisman, pwomnad, manje midi, dine, elatriye. Sa a se yon bon moman pou youn konnen lòt, fè zanmi epi fè disip youn ak lòt ak plis efikasite
5. Planifye premye prezantasyon reyinyon an ak gwoup fanm lan. Ou ka fè l kòm yon ti retrèt nan yon kay oswa nan legliz. Sa a kapab fèt soti 8è a 12 è nan maten ki petèt parèt pi fasil pou medam yo. La yo kapab gen yon ti tan pou fè devosyon sou yon tèm ki enteresan epi ansanm yo kapab diskite sou pwèn sa yo : a. Pataje rezilta yo nan sondaj la (yon kopi pou chak manm yo). b. Chwazi yon sekretè pou ekri lide ak pwopozisyon yo prezante yo. c. Mande pou opinyon: Eske nou bezwen nan legliz lokal nou an Ministè Fanm lan? Ou pa pral konnen sa, san yo pa premyèman obsève an detay nesesite oubyen bezwen yo ke Ministè Fanm lan dwe satisfè. d. Mande kiyès ladan yo ki ta renmen bay tèt li kòm volonte pou sis mwa oubyen yon lane pou sèvi nan Konsèy Ministè Fanm lan.
6. Evalye reyinyon an
  - a. Asire w ke reyinyon an te gen yon objektif.
  - b. Adapte lide yo pou satisfè bezwen gwoup la. Sa ki mache nan yon ministè pa vle di l'ap mache nan yon lòt ministè. Pa rejte pyès lide ki pat mache yon lòt kote. Sa a kapab se li reyèlman nou gen bezwen.
  - c. Planifye Pwogram ak aktivite ki ka satisfè bezwen ak enterè majorite medam yo. Pa konsantre sou yon sèl kalite nan bezwen yo.
  - d. Pa atann ke tout fanm yo prale nan tout aktivite yo.
  - e. Nou pa bezwen pè pou nou chanje pwogram yo oswa lè nou echwe nan kèk lide. Sèvi ak echèk kòm yon eksperyans epi kontinye pou pi devan.

## AKTIVITE POSIB

### ZÒN NESESITE YO AK LIDE SOU AKTIVITE YO

Espirityèl : \_ Reyinyon priyè- Etid Biblik sou sijè ki nan enterè yo oswa ki nesèsè- Evanjelizasyon pèsonèl .  
Emosyonèl : - Konferans, seminè oswa dinamik\_ Atelye sou : estrès ak kouman pou jere li, diyite ak respè, solitud, estim pou pwòp tèt ou-, atitud, elatriye.

Mantal : Fòm yon bibliyotèk ak bon liv ak tèm ki pale sou fanm epi prete yo pou yo ka li.

Prepare konferans sou sijè tankou levasyon timoun, disiplin nan timoun yo, lè timoun kite lakay ou, vyeyès, retrèt, fè fas a lanmò, epi ede moun ki gen maladi ki paka geri.

Sosyal: Selebre anivèsè nesans oswa evènman espesyal yo.- Prepare konsè ak pyès teyat. Fè yon sware pou devlope talan yo.

Fizik : Fè konferans sou nitrisyon ak sante fizik.- Fè mach ak maraton. - Anseye egzèsis yo ka fè lakay yo. - Fè ekspozisyon resèt yo prepare. - Prepare seminè sou swen pèsonèl.

Sèvis volontè : Vizit pou evanjelizasyon. -Vizit timoun nan òfelina, granmoun aje, fanm.-Vizite lopital ak malad.- Voye flè oswa panye flè pou malad, nesans, maryaj, okazyon espesyal, elatriye. -Fete bachlorèt, nesans, maryaj, kenzan, elatriye

Prepare dekorasyon flè pou tanp la epi voye flè bay dam yo nan okazyon espesyal. - Kòmanse fè korespondans avèk misyonè, prizonnye, malad.

## DINAMIK

### KARYÈ FIG BANNANN (Travay ann ekip)

Divize gwoup la an de. Dwe gen yon grenn fig pou chak nan de moun yo. De (2) premye moun yo kale bannann yo a. Yo chak ap mete pwent fig la nan bouch yo epi kouri ansanm pou rive nan yon pwent deziye epi retounen nan gwoup la. Pwochen de moun yo kale fig yo epi fè menm bagay la. Jwèt lan ap kontinye jiskaske tout moun fin pase, y'ap fè 3 pwent si yo pa koupe fig la epi 1 pwent si yo koupe l. Gwoup ki gen plis pwent se li ki genyen.

### BATI YON KÒ (Inite)

chak moun ki rive, ba li yon moso papye ki ekri non yon pati nan kò a (tèt, zòrèy, janm, pye, fwa, poumon ...) lè siyal la bay, chak moun dwe gade epi chache tout moun ki gen menm non avèk li ki ekri sou papye a: TÈT, elatriye

Aprè siyal la, tout moun dwe ale chèche lòt pati nan kò yo jiskaske yo fòme tout kò a. Premye Gwoup ki jwenn tout pati yo dwe rele: NOU SE GWOUPE NIMEWO 1, Nou se yon kò.

### TRAVAY ANN EKIP

Chak twa moun dwe kenbe men. Lidè an chèf la ap ini yo ak yon kòl osinon yon tep. Nan sal la ap gen plizyè tab diferan, k'ap gen travay pou yo fè kòm yon ekip:

- Fè yon avyon an papye
- Koupe yon sèk, rektang epi yon kare an papye
- Gonfle yon balon, mete li nan yon filè
- Woule yon jounal, mete li nan yon kawotchou oswa elastik.

Chak ekip ka fè travay yo nan nenpòt lòd yo vle. Si a nenpòt moman ou ta swete gen plis kòl osinon tep adezif, yo dwe retounen vin kote lidè a pou li mete plis kòl oswa tep adezif. Ekip ki fini fè tout sa yo te mande l fè yo anvan se li menm ki genyen.

### KI MOUN MWEN YE? (Kominyon fratènèl oswa ansèyman sou yon pasaj patikilye)

Rive nan reyinyon an, ak yon pens oswa tep, mete non yon pèsonaj Biblik nan do chak moun san li pa wè sa ke ou te ekri a. Chak moun, (le tou pa yo), kapab poze 10 kesyon a tout res moun yo pou li eseye devine ki pèsonaj sa ki te ekri sou do li a. EGZANP: 1) Èske mwen se yon nonm? 2) Èske mwen nan Nouvo Testaman an? Aprè 10 kesyon yo li dwe ka devine ki moun pèsonaj sa ye.

### BAY NON AK OBJÈ YO (Ou kapab itilize yon tèm pou nenpòt ki sijè ou vle anseye oswa amizman)

Fè yo chita nan yon sèk. Yon moun nan mitan yo. Y'ap pase yon objè men nan men alantou sèk la jiskaske moun ki nan mitan an di: STOP. Lidè a ap bay yon lèt nan alfabè a a moun ki gen objè a nan men li a. Gwoup la kòmanse pase objè a ankò e moun nan gen pou li bay non 4 bagay ki kòmanse ak lèt la lidè a te di a, li dwe di

non objè yo anvan objè kap pase nan won lan rive nan men li ankò. Kòm egzanp: lèt yo te chwazi a se te "B" bwat, bous, bannann, bokit. Si li pa rive fè l', moun sa dwe pran mitan.

DEWALE SEKRE (Pou gwoup la aprann plis de youn lòt)

Chak gwoup revele yon bagay sou tèt li ke petèt pa gen yon lòt nan gwoup la ki konnen. Pa w egzanp: •Mwen marye lè m'te gen 15 lane •Mwen gen 15 frè •Mwen te ale nan inivèsite San Carlos

GWOUPE (Kase-glas)

Lidè ap di: "Bato a pral kochte e pou nou monte nou dwe fòme yon gwoup de ... 3

Lè sa a, tout moun ap chèche de lòt moun pou fè yon sèk.

Lidè ap di gwoup de 5. Yo dwe kraze ti sèk la epi jwenn 4 lòt moun fè yon nouvo sèk. Sèk ki pa gen ase moun nan ap soti nan jwèt la. Kontinye konsa jiskaske rete yon ti kras moun

KONNEN NOU: Bay chak moun yon moso papye ak enskripsyon sa. Lè sa a, chak moun pral chache lòt moun ki gen karakteristik sa yo ke yo mande a epi mande yo ekri non yo. Moun ki reyalize plis non kòrèkteman nan yon minit se li ki genyen.

1. Yon moun ki gen menm laj ak li:
2. Yon moun ki gen pipiti 4 timoun:
3. Yon moun ki mete bag maryaj:
4. Yon moun ki te marye a 15 zan pou pipiti:
5. Yon moun ki gen yon lòt nasyonalite:
6. Yon moun ki renmen li:
7. Yon moun ki renmen manje epina
8. Yon moun ke youn nan pitit li yo rele Jan:
9. Yon moun ki konnen ki jan yo tape byen:
10. Yon moun ki mete linèt:

ENTWODWI TÈT OU

Fè 2 ti sèk, youn andedan lòt, lè mizik la kòmanse (ou ka sèvi ak yon anrejistreman) ti sèk anndan an ap tounen a goch epi sèk deyò a ap vire adwat. Lè mizik la sispann, chak moun ap pale ak moun ki devan li a. Kòmanse mizik ankò epi fè menm bagay la, se konsa ou ka kontinye toutotan ou vle.

PREZANTE VWAZEN OU A AK GWOUPE LA

Chak moun ap pale ak vwazen ki sou bò dwat li a (pa egzanp), poze kesyon tankou:

- Ki jan ou rele?
- Ki jan mari ou rele?
- Konbyen pitit ou genyen?
- Nan ki travay mari ou ye?
- Konbyen tan ou genyen depi w kreyen?

Après 3 minit oswa plis ou mwens tan sa depann de aktivite a, chak moun ap prezante vwazen li a ak tout rèz gwoup la.

DEVINET (TRAVAY ANN EKIP)

Ekri yon vèsè nan 5 fèy papye. Koupe chak fèy papye an 5 moso, (li enpòtan pou ke chak fèy koupe nan yon modèl diferan). Bay chak moun yon moso.

Lè lidè a bay siyal la, chak moun dwe jwenn 4 lòt moun yo pou ede fòme devinèt la, epi konplete vèsè a. Apre sa rasanble yon sèl kote, gwoup la dwe memorize vèsè a.

PHOTOS

(Anvan reyinyon an, mande chak moun pote yon foto lè li te ti bebe, oswa si li pa genyen, li ka pote yon foto mari l' oswa yon foto youn nan timoun yo). Mete 4 oswa 5 foto sou diferan tab ak nimewo nan chak foto.

Gwoup la dwe ale nan chak tab ap eseye idantifye chak ti bebe. Yo ap Ekri repons yo papye.

PASE YON DOUS

Divize gwoup la an de. Bay chak moun yon pik dan. Premye moun ki nan chak ranje a, bay yon dous ki gen yon ti twou nan mitan an (kòm sove lavi). Premye moun nan mete pik li a ladan l' epi pase li bay dezyèm moun.

Dezyèm lan pase li bay twazyèm lan epi kontinye jouk li rive jwenn dènye moun kin an ranje a. Gwoup ki fini an premye se li ki genyen nan je a.

## APENDIS KESYONÈ

OBJEKTIF KESYONÈ KI ANBA A SE KONNEN TET OU PI BYEN EPI KONNEN KISA ENTERE OU YO YE. MESI POUTET OU PRAN TAN RANPLI LI.

NON: \_\_\_\_\_ ADRES: \_\_\_\_\_ TELEFON: \_\_\_\_\_ LAJ: 20-25 \_\_\_\_\_ 26-35 \_\_\_\_\_ 36-45 \_\_\_\_\_ 46-55 \_\_\_\_\_ 56-66 \_\_\_\_\_ KI PI GRAN PASE 67 \_\_\_\_\_

ETA SIVIL: SELIBATE \_\_\_\_\_ MARYE \_\_\_\_\_ MANMAN SAN MARI \_\_\_\_\_ INYON LIB \_\_\_\_\_ SEPARÉ \_\_\_\_\_ DIVÒSE \_\_\_\_\_ VÈV \_\_\_\_\_

EKRI JOU AK LÈ OU PI RENMEN NOU REYINI :

METE BEZWEN OU YO NAN LOD EPI KILES LADAN YO OU KONSIDERE KE MINISTE FANM LAN KAPAB SATISFE : (METE YON X SOU SA OU CHWAZI A) )

ZANMITAY

ETID BIBLIK AK LAPRIYÈ

ATIZANA, KIZIN, LÒT TOUJOU (PRESIZE)

OPÒTINITE POU RANN SÈVIS

OTO-AMELYORASYON

MWEN TA RENMEN PATISIPE NAN TRAVAY KI NAN DOMEN SA YO: (MONTRE L AK YON X)

KLAS ATIZANA

ETID BIBLIK CHAK KENZ JOU OSWA CHAK MWA

LOUVRI KAY MWEN AN POU ETID BIBLIK JOU SA YO \_\_\_\_\_ A \_\_\_\_\_ E.

KAFE - ETID BIBLIK CHAK MWA

PWOJE SEVIS NAN LEGLIZ LA AK NAN KOMINOTE A

RANKONT FRATENEL: CHAK DE SEMEN, CHAK MWA, CHAK DE MWA, ELATRIYE

SEVI AK YON FEY PAPYE BLAN SI OU VLE EKSPLIKE PI BYEN KEK PWEN.

FEY DONE

NON : \_\_\_\_\_ DAT OU FET : \_\_\_\_\_ NON MARI : \_\_\_\_\_

NON AK LAJ PITIT OU YO:

1. \_\_\_\_\_ 2. \_\_\_\_\_ 3. \_\_\_\_\_ 4. \_\_\_\_\_ 5. \_\_\_\_\_ 6. \_\_\_\_\_

KISA OU RENMEN FÈ NAN TAN LIB OU YO ? \_\_\_\_\_

KI KOULÈ OU PI RENMEN? \_\_\_\_\_

KI MANJE OU PI RENMEN? \_\_\_\_\_

OU GEN YON DEMANN PRIYÈ POU OU OSWA POU FANMI OU?

Tanzantan, ou dwe pran tan pou evalye aktivite yo. Evalyasyon an dwe anonim epi senp, ki pa mande plis pase 5 minit, otreman l'ap difisil pou moun reponn li. Ou kapab sèvi ak ti kat ki prezante anba a, oswa fè pwòp pa ou.

Evalyasyon an ap ede nan amelyore ministè a. L'ap penmèt ou konnen ki bagay yo te renmen ak kisa yo pat renmen epi ki siè ki te ede yo nan lavi pèsònèl yo.

Evalyasyon se yon enstriman ki itil anpil pou planifye reyinyon ak evènman a lavni.

KAT EVALYASYON

Pran kèk minit epi reponn kesyon sa yo. Tanpri se pou nou sensè anpil nan apresyasyon nou yo paske yo ap ede nou anpil pou planifikasyon reyinyon nou pral fè nan lavni yo. Tout repons yo konfidansyèl epi nap pran yo ak seryozite.

Eske ou te renmen aktivite a? (Mak avèk yon X) Wi \_\_\_\_\_ Non \_\_\_\_\_

Poukisa? \_\_\_\_\_

Sijesyon: \_\_\_\_\_

Mèsi pou patisipasyon ou!